



# Prevni Viris West Nile ak lòt maladi Moustik Transmèt

## **Kisa maladi moustik transmèt ye?**

Maladi moustik transmèt se maladi moustik ki enfekte pwopaje lè li mòde. Ozetazini nan nòdès, viris tankou Viris West Nile (WNV) la oswa Viris Ansefalit Ekin nan Ès (EEEV) la fè ke moun malad. Toutfwa, apre moustik fin mòde yon moun, pa tèlman gen chans pou moun lan enfekte ak viris WNV la oswa ak viris EEEV a. Laplipa moun moustik ki enfekte mòde pa tonbe malad oswa ti maladi sèlman, men gen kèk moun ki ka vin genyen maladi ki pi grav.

## **Kòman maladi sa a pwopaje?**

Maladi moustik transmèt ka pwopaje bay moun lè moustik ki enfekte mòde yon moun. Kèk moustik ka pran viris lan epi enfekte kèk zwazo. Moustik ka nouri tèt yo sou zwazo ki enfekte. Moun pa kapab pran viris sa yo dirèkteman nan yon zwazo ki enfekte. Men, se pou ou sèvi ak gan lè wap manyen nenpòt bèt mouri epi mete li nan sachè plastik double avan ou jete li nan fatra. Poutèt WNV la nan san yon moun enfekte, li ka pwopaje tou atravè transfizyon san e nan donasyon ògàn. Yon fanm ansent ka pase li tou bay tibebe ki nan vant li epi nan bay tete. Toutfwa, kontak jeneral ak yon moun enfekte ak WNV pa transmèt enfeksyon an.

## **Èske gen maladi moustik transmèt nan Boston?**

WNV parèt nan Boston nan mwa ete yo depi ane 2000 la. Gen kèk moun nan ane ki sot pase yo ki te vin gen maladi grav oubyen ki mouri. WNV sipoze reparèt chak sezon ete. EEEV parèt de tanzantan sou moustik nan Boston. Li ra pou moun genyen li men sa ka rive.

## **Èske mwen ka tonbe malad poutèt yon piki moustik?**

Lè moustik pi aktif nan ane a epi lè yo plis kapab pote maladi se ant fen jiyè e fen septanm. Men, si tan an rete cho, peryòd danjre sa a dwa kontinye rive jiska nan mwa novanm. Moun ki pi gen danje pou vin genyen gwo maladi grav poutèt viris WNV se moun ki gen plis ke 50 an daj. EEEV ka lakòz gwo maladi grav nan moun nan nenpòt ki laj.

## **Kisa pou mwen fè si moustik mòde mwen?**

Maladi moustik transmèt se yon bagay ki trè ra nan Boston. Laplipa moustik pa gen viris ki kapab fè moun malad, epi pa gen anpil chans pou moun malad apre moustik fin mòde ou. Men, se pou ou wè doktè lamenm si ou ta vin gen gwo lafyè, si ou gen konfizyon, gwo maltèt, si kou ou rèd oswa si zye ou sansib a limyè.

## **Kisa pou mwen fè si mwen jwenn yon zwazo mouri?**

O kòmansman, egzamen laboratwa te fèt sou zwazo ki mouri yo pou wè si moustik ki pote jèm maladi te rive nan zòn nan. Pou kounye-a, rezilta tè s yo déjà konfime prezans moustik sa yo nan Boston, plis egzamen pap revele anyen de plis ke sa nou déjà konnen. Pou tèt sa, li pa nesèsè pou fè lòt analiz sou zwazo. Pou deplase yon zwazon mouri, evite manyen kò bèt la ak men-w konsa. Ou dwe mete gan ki epè o swa mete men-w nan yon sashe plastik, konsa, wa mete zwazo an nan poubèl e sèvis nanitè va pran-l. Se pou-w lave men-w lè-w fini; e fè vigilans pou jete tout zwazo mouri nan poubèl kote ti moun, ou lòt bèt pa gen aksè avèk yo.

# PWOTEJE BOSTON KONT

# Kouman pou mwen pwoteje tèt mwen?

## Swiv pwen sa yo pou anpeche moustik mòde ou:



Si ou deyò kote ki gen moustik, men kèk bagay ou kapab fè:

- Sèvi ak pwodyi kont moustik. Pwodyi ki pi efikas kont moustik gen yon bagay ki rele DEET, men gen plizyè lòt pwodyi ki menmjan ak DEET an ke biwo leta ki rele EPA an apwouve (tankou pwodyi lwil pyebwa ekaliptris sitris, Picaridin ou byen IR3535). Li direksyon ki make sou etikèt pwodyi a pou konnen ki prekosyon ou bezwen pran e konbyen fwa pou remete pwodyi sa yo. Yon fwa ou antre andedan, lave pwodyi kont moustik la ak dlo e savon.
- Si ou itilize yon pwodyi ki gen DEET ladan li, pa itilize pwodyi ki gen plis pase 30% konsantrasyon sou adilt epi itilize pwodyi ki gen mwens konsantrasyon DEET sou timoun. Mete DEET a sou sèlman po rad pa kouvri (men pa sou zye ak bouch) epi pa mete li sou blesi oubyen si po a koupe. Pa kite timoun aplike DEET pou kont yo. Pa aplike DEET sou tibebe (li pi bon pou mete yon moustikè sou basinèt tibebe yo),
- Mete rad ki ka pwoteje ou tankou chemiz manch long, pantalon long ak chosèt.



Kwak moustik ka mòde nenpòt lè nan jounen an, eseye pa pase twòp tan deyò ant lè solèy kouche a lè solèy leve lè moustik yo pi aktif (osnon pran prekosyon an lè sa yo).



Se pou si ke tyil fenèt ak pòt yo pa gen twou nan yo. Tyil ki an bòn eta ap ede pou anpeche moustik rantr nan kay ou.

## Follow these steps to prevent mosquitoes from breeding:

Moustik bezwen dlo pou yo ka kale. Yo vin adilt nan sèlman yon semèn. Se pou si ke bagay sa yo ki ekri anba a pa kenbe dlo, oswa fòk ou lave yo regilyèman.

**Resipyan** - Mete po flè, bokit, bokit fatra, bwouyèt tèt an ba oubyen kouvri yo. Chanje dlo nan pisin zwazo yon fwa chak semèn.

**Kannal** - Retire fèy ak lòt fatra ki ka bouche kannal lan osnon ki ka bloke dlo an.

**Pisin** - Kouvri pisin ki pa sèvi epi mete ti pisin timoun piti yo tèt anba lè yo pap sèvi. Se pou ou si ke pa gen fèy ak dlo sou kouvèti pisin lan.

**Vye kawoutchou** - Kouvri yo osnon jete yo. Se youn nan kote moustik pi renmen pou yo kale.



**Pou plis enfòmasyon, rele liy enfòmasyon Komisyon sante piblik nan Boston**

**Nan 617-534-5611 osnon vizite [www.bphc.org](http://www.bphc.org)**